



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Nouvèl DSA Pou Ou

Distenksyon pou onore pèsonèl DSA, Indaba, ajou nan aplikasyon UMD a

Lendi 5 fevriye 2024

Chè Kòlèg DSA,

Viv an kominote youn ak lòt ap ranfòse nou. Epi, se te yon jwa pou n te an KOMINOTE ak tout moun sa yo pandan Konferans sou Zafè Etidyan nan Maryland (Maryland Student Affairs Conference, MSAC). Li non sèlman reyafime angajman nou pataje pou aprantisaj ak kwasans, men tou, li montre pouvwa kolaborasyon ak koneksyon. Nou remèsye komite MSAC la pou travay remakab li fè nan kad reyalizasyon 49yèm konferans anyèl sa a, an patikilye, nou remèsye Andrea Bussler ki te asire prezidans lan. Mwen rekonesan tou ak tout prezantatè yo paske yo te pataje don yo, talan yo ak ekspètiz yo—se te yon jounen chaje ak enspirasyon!

Loreya Pri Terrapin Innovation ak MVP Impact DSA yo

Se te yon reyèl plezi pou n te selebre [Loreya nouvo Pri Terrapin Innovation ak MVP Impact yo](#) Madi pase a. Mwen vle site non Kòlèg Zafè Etidyan yo ki merite distenksyon sa yo:

Pri Terrapin Innovation: Manm pèsonèl yo rekonpanse pou nouvo lide yo ki reflekte lespri vanse pou pi devan san krent, gras ak yon panse inovatè epi kreyatif.

- Lisa Alexander, Depatman Lavi Rezidansyèl, Kowòdonatris Pwogram Devlopman Dirab yo
- Erin Schlegel, Depatman Lavi Rezidansyèl, Direktris Adjwen Kominote yo
- Kia Weeden, Depatman Lavi Rezidansyèl, Direktris Adjwen

Pri Mvp Impact: Yo rekonpanse manm pèsonèl yo ki, pandan ane ki sot pase a, te demontre yon atitud ekselans, yon sèvis remakab ak yon kontribisyon eksepsyonèl.

- Veronica Turcios, Sèvis Restorasyon, Direktris Adjwen Resous Imèn
- Sarah Williamson, Biwo Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, Direktris Adjwen Operasyon Administratif yo

Pri sa yo se yon mwayen pou n demontre angajman nou pou nou [envesti nan moun ak nan kominote yo](#).

Indaba: Sipòte Etidyan yo ak Libète Ekspresyon

Rejwenn Inisyativ sou Divèsite Zafè Etidyan yo (Student Affairs Diversity Initiative, SADI) pou yon konvèsasyon, Dr Andrea Goodwin, Dwayen Etidyan yo, ak Brian Medina, Direktè Sèvis Soutyen pou Ensidan ki gen pou wè ak Diskriminasyon yo, ap anime sou fason nou ka sipòte etidyan yo k ap travèse defi ki gen pou wè ak libète ekspresyon pèsonèl, epi mete aksan tou piti sou konpreyansyon ak jesyon enpak sou sante mantal la.

N ap rankontre jedi 29 fevriye apati 12 pm jiska 1:30 pm. N ap bay yon ti kolasyon byen lejè. [REPONN NOU TANPRI!](#)

Sa ki Ajoute nan Aplikasyon MD a

[Aplikasyon UMD a](#) gen plis pase 12,000 telechajman depi re-edisyon li nan otòn ki sot pase a! Pèsonèl Zafè Etidyan nan Teknoloji ak Enfòmasyon yo (IT) ak Divizyon IT a elaji Aplikasyon sa a pou prentan an. Men kèk mizajou:

- RecWell: yon "kontè afliyans" k ap montre foul moun nan Eppley ak Ritchie ak yon modil Terp aktif.
- Sant Karyè Inivèsité (University Career Center, UCC): mete aksan sou opòtinite travay pou etidyan yo, li pwopoze yo lyen dirèk ki mennen sou sit entènèt UCC a, sou rezo sosyal ak evènman yo, epi ak lyen ki mennen nan Handshake yo.
- Entegrasyon ak [Kalandriye Evènman Inivèsité yo](#): gade tout sa k ap pase nan UMD!
- Oryantasyon ivè: nouvo admi prentan 24 yo telechaje App a pou wè pwogramasyon oryantasyon an.

Tanpri kontinye pataje enfòmasyon sou Aplikasyon UMD a nan tout rezo w yo—sitou ak etidyan nou yo!

Sensèman,

Patricia A. Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, University of Maryland
li (pwonon feminen)

Anrejistre Dat yo

- [Mwa Istwa Nwa yo: Rekonekte AfwoFiti yo \(Reconnecting AfroFuturs\)](#) -- 1ye - 29 fevriye
- [Dezyèm Fwa Enfòmasyon \(Second Look Fair\)](#) -- Jedi 8 fevriye, 10 am rive 3 pm.
- [All Niter](#) -- Vandredi 9 fevriye, 5 p.m.
- [Konvèsasyon Konsèy la: SALT Added](#)-- Yvette Lerma-Jones, Direktris Divèsite, Ekite ak Enklizyon, "Objektif, Kominote, ak Imilite: Anrasinen Travay ou nan Gerizon Kolektif", Madi 13 Fevriye a 2 pm.
- [Renouvèlman Prentan DSA a \(DSA Spring Renewal\)](#)-- Jedi 7 mas, 9 am rive 12 pm.